**दिन–रविवार** **दिनांक–21.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे कांग्रेस पार्टी घुसपैठी सभ के बचाबय चाहैत अछि। एहि लेल भोटर लिस्टक शुद्धिकरणक विरोध कऽ रहल अछि। असम के डिब्रूगढ़ मे सभा के संबोधित करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे बिहार मे पुनरीक्षित मतदाता सूचीक आधार पर विधानसभा चुनाव भेल आ कतहुं सँ कोनो शिकायत नहि भेटल। प्रधानमंत्री कांग्रेस आ विपक्षी दल पर आरोप लगौलनि जे ओ एसआईआरक विरोधक नाम पर लोक सभ के गुमराह कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

केन्द्र सरकार सीमा सुरक्षा बल–बीएसएफ मे कांस्टेबल भर्ती लेल पूर्व अग्निवीरक कोटा दस प्रतिशत सँ बढ़ा कऽ पचास प्रतिशत कऽ देलक अछि। गृह मंत्रालय एहि संबंध मे गजट अधिसूचना जारी कऽ देलक। आरक्षण ई बढ़ोतरी सीमा सुरक्षा बल, समान्य ड्यूटी कैडर अराजपत्रित भर्ती नियम दू हजार पंद्रह मे संशोधनक बाद कयल गेल अछि। पूर्व अग्निवीर सभ के शारीरिक मानक परीक्षण आ शारीरिक दक्षता परीक्षण मे छूट देल जायत।

———————————————————————————

रेलवे एहि मासक छब्बीस तारीख सँ रेल किराया के युक्तिसंगत बना रहल अछि। रेलवे सँ प्राप्त जनतबक अनुसार सामान्य श्रेणीक यात्री लोकनि लेल दू सय पंद्रह किलोमीटर धरि यात्रा किराया मे कोनो वृद्धि नहि कयल गेल अछि। ओहि सँ बेसी दूरीक यात्रा पर प्रति किलोमीटर मात्र दू पाइ के दर सँ वृद्धि कयल जायत। मेल एक्सप्रेस आ वातानुकूलित गाड़ी मे ई दर दू पाइ प्रति किलोमीटर रहत। रेलवेक अनुसार किराया मे वृद्धि सँ करीब छओ सय करोड़ टाकाक अतिरिक्त राजस्व प्राप्त होयत।

———————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे कड़गर ठंढ़ा पड़ि रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त संवादक अनुसार प्रदेश मे अधिकांश ठाम अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे अंतर कम हेबाक कारणे लोक के दिनो मे कनकनीक अनुभव भऽ रहल छनि। विभाग सँ प्राप्त संवादक अनुसार अगिला चौबीस घंटा मे समस्तीपुर, दरभंगा, मधुबनी, बेगूसराय, मुजफ्फरपुर, वैशाली, शिवहर, सीतामढ़ी आ पटना समेत अठारह जिला मे शीत दिवस हेबाक संभावना बनल अछि। ओतहि, गयाजी, नालंदा, अरवल, जहानाबाद, सीतामढ़ी, मधुबनी, शिवहर, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण समेत प्रदेशक उत्तर–पश्चिम, दक्षिण–पश्चिम आ उत्तर–मध्य भाग मे अधिकांश स्थान कुहेसक चपेट मे अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला तीन दिन धरि ठंढ़ा सँ राहत भेटबाक संभावना नहि अछि। एहि के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे गयाजी प्रदेशक सभक सँ ठंढ़ा स्थान रहल जतऽ न्यूनतम तापमान आठ डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। हमर दरभंगा सवांददाता जनौलनि अछि जे जिला मे आइ तेसर दिन सेहो रौद नहि निकलल जाहि, सँ जनजीवन प्रभावित भेल अछि। जिला प्रशासन द्वारा ठंढ़ा सँ बचाबक लेल कतेको ठाम घूर पजारल गेल अछि।

———————————————————————————

घनगर कुहेसक कारणे दृश्यताक स्तर अत्यंत कम हेबा सँ रेल, सड़क आ हवाई यातायात प्रभावित भेल अछि। पटना, गयाजी, दरभंगा आ पूर्णियां हवाई अड्डा सँ कतेको विमान रद्द रहल। ओतहि, कतेको पैघ दूरीक रेलगाड़ीक परिचालन सेहो प्रभावित भेल अछि।

———————————————————————————

दरभंगा जिलाक अहिल्या गौतम महोत्सव के भव्य आ स्मरणीय बनेबाक वास्ते एक बैसारक आयोजन कयल गेल। बैसार मे ई निर्णय लेल गेल जे एहि बेर तीन दिवसीय कार्यक्रमक आयोजन कयल जायत ताकि महोत्सव मे अहिल्या गौतमक इतिहास आ मिथिलाक विरासत सँ जुड़ल विभिन्न कार्यक्रम के समाहित कयल जा सकय। ई महोत्सव नओ जनवरी सँ एगारह जनवरी धरि आयोजित होयत।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक जिलाधिकारी आनंद शर्मा कहलनि अछि जे जिला मे कोनो प्रकारक उरर्वकक कमी नहि अछि। श्री शर्मा जिला स्तरीय उरर्वक निगरानी समितिक बैसार मे ई बात कहलनि।

दरभंगा जिलाक पंचोभ गाम मे आइ शरद महोत्सवक आयोजन कयल गेल। एहि अवसर पर असहाय आ गरीब व्यक्ति लोकनिक मध्य कंबल सेहो बांटल गेल।

अररिया जिलाक जोगबनी मे भारत–नेपाल सीमा पर गश्तीक क्रम मे एसएसबीक जवान लोकनि एक महिला के दू लाख नेपाली टाका आ आनो आपत्तिजनक समानक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

सहरसा जिलाक सिमरीबख्तिारपुर मे दू दिवसीय जिला स्तरीय राष्ट्रीय खाद्य तेल–तेलहन मिशन प्रशिक्षण कार्यक्रमक आयोजन कऽ किसान लोकनि के विभिन्न जनतब देल गेल।

पूर्वी चंपारण जिलाक रक्सौल थाना क्षेत्र सँ पुलिस भारतीय सेनाक भगौड़ा जवान राजवीर सिंह के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त